

# #noupapdòmi

*Pòtoprens, 25 Septanm 2019*

Nou menm sitwayen angaje, fanm kou gason, ki reyini nan kolektif Nou Pap Dòmi an, nou estomake lè nou fin tande deklarasyon Jovenel Moise sou kriz peyi a. Yon deklarasyon ki fèt nan yon konjonkti politik k ap transfòme chak jou pi plis pou pran fòm enziyasyon nan prèske tout gwo vil peyi a akòz deteryorasyon kondisyon sekirite yo, degradasyon kondisyon lavi majorite a ak enkapasite rejim an plas la pou reponn yon seri kesyon fondamantal sosyete a ap ajite depi kèk tan.

Nou gen gwo kè sote lè n ap tande ak ki kalite timounri, enkapasite ak neglijan premye sitwayen peyi a trete yon sitiwayon sosyal ak politik ki prèt pou eklate nan yon nivo ki prèske fin chape anba kontwòl otorite nasyonal ki anplas yo. Nou anfas yon sitiwayon ki pral konplike chak jou pi plis pou pèp ayisyen an, deklarasyon sa moutre nou aklè san pitit peyi a pra l kontinye koule pi plis epi malsite a ap rete tennfas, nan fason rejim PHTK a chwazi trete kriz sa.

Nou estomake lè nou wè jan sitwayen an meprize tout gany demokratik batay 1986 yo, jan li pase batay popilasyon an ap mennen an nan rizib, menm yon ti mo li pa lache pou pil ak pakèt sitwayen k ap pran bal, ki mouri, ki sou kabann lopital osnon ki nan prizon paske y ap pwoteste ; san konte sitwayen k ap pèdi byen yo akòz li menm kòm responsab bon fonksyonman tout enstitisyon yo fayi ak responsabilite sa a. Nivo iresponsabilite prezidan peyi a ki parèt aklè nan deklarasyon BAKA li a, entèpele nou kòm sitwayen ayisyen ki se pitit bout tè sa a, epi kòm moun k ap batay kont koripsyon ak enpinite pou jistis sosyal, kont yon sistèm ki sèlman pwodui malsite ak dezespwa. Li moutre nou aklè se tout sosyete a an jeneral san okenn distenksyon ki pou leve kanpe pou fè obstak ak pwajè gè sivil rejim li an ak sipò yon seri sankoutya nan sektè prive a genyen pou peyi nou an.

Devan lemond antye, devan zansèt yo ak devan ti moun yo k ap grandi, nou voye jete byen lwen tout pwopozisyon pataj pouvwa sitwayen Jovenel Moise fè yo epi envite tout gwoup politik ak sosyete sivil la fè menm jan an. N ap redi li ankò, si enstitisyon peyi a kenbe Jovenel Moise nan fè koripsyon ak lajan pèp ayisyen an, se pa avèk nou pou l vin dyalogue, men se ak yon Jij. Se yon fason pou n di nou pap fè bak sou pozisyon nou k ap mande pou Jovenel Moise kite pouvwa a, epi mete l disponib pou lajistis yon fason pou pwosè petwo karibe a demare.

N ap fini pou n di sitwayen Jovenel Moise nou konprann mesaj la lè li repete plizyè fwa li pap reponn vyolans pa vyolans lan, nou pran nòt sou gwosè menas sila a li fè tout yon popilasyon, lè nou konsidere sa ki kache deyè mesaj sa. N ap kontinye batay epi ankouraje popilasyon k ap kontinye mobilize a pou pa pran nan okenn kraponnay. Kenbe revandikasyon nou tennfas: demisyon- tranzisyon ripti- pwosè- restitasyon- prizon pou tout dilapidatè ki manje lajan pèp ayisyen.

Pèp k ap Goumen pa janm pèdi batay.

***Demisyon, Pwosè, Prizon, Restitasyon.***

***Nou Pap Dòmi***

*Pou otantifikasyon : James Beltis Katie-Flore Fils-Aimé Fritzson Lalane +509 3874 1824*

[kontak@noupapdomi.org](mailto:kontak@noupapdomi.org)



@noupapdomiofisyel



@nou\_pap\_domi

noupapdomi.org